

BLÒK KONSTRIKSYON 2

Chwazi Kont Depay pou Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl ki Pi Bon an

Aprè w fin aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a, swiv pwochen etap nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) a.

Ouvri yon kont depay pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl pou pitit ou epi konekte l ak Kont Bousdetid NYC sou entènèt la.

Pitit ou a pral gen yon rekonpans \$25 nan Kont Bousdetid NYC l la kou w fin fè etap sa a.

Gid sa a gen enfòmasyon sou de opsyon chwa kont depay ki disponib atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a. *Enfòmasyon sa yo ka chanje nan ane k ap vini yo.*

Pwogram Save for College NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak pwogram epay ki jere pa NYC Kids RISE Inc., yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi, nan patenarya avèk Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education) ak Vil New York la. NYC Kids RISE pa ni afilye avèk, ni yon distribitè otorize pou, New York's 529 College Savings Program ni nonplis tou li pa solisite investisman ni founi konsèy sou investisman. Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon pou, ni yo pa kontwole, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen investisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

KARAKTERISTIK	KONPAREZON OPSYON KONT YO	
	Kont NY 529 <i>Direct Plan</i>	Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank
KISA LI YE?	Yon kont investisman pou ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Lajan an kapab ogmante apre yon tan men li kapab pèdi valè tou baze sou investisman yo chwazi yo.	Yon kont depay tradisyonèl nan Amalgamated Bank. Lajan an akimile enterè epi li asire atravè FDIC pou jiska \$250,000. ¹
KIJAN POU OUVRI L	Ale sou nyckidsrise.org/view epi konekte w sou kont Siveyans Epay (Savings Tracker) NYC Kids RISE la. Klike sou "Kreye/Konekte" pou kòmanse aplikasyon NY 529 <i>Direct Plan</i> an.	Vizite yon sikisal Amalgamated Bank nan NYC. Jwenn yon sikisal sou amalgamatedbank.com/find-branch-or-atm . Rele nan 800-662-0860 pou jwenn plis enfòmasyon. Si w ta renmen ouvri yon Kont Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank sou entènèt la, tanpri rele liy enfòmasyon NYC Kids RISE la nan 833-543-7473 .
MINIMÒM POU DEPOZE	Yo pa egzije yon depo minim pou ouvri l. Ou dwe fè yon depo nan lespas sis mwa pou w kenbe kont lan ouvri. Si kont lan fèmen, ou dwe relouvri kont lan lè w kontakte NY 529 nan 877-697-2837 . NYC Kids RISE rekòmande w fè yon depo \$5 touswit apre w fin louvri kont lan.	Yo pa egzije yon depo minim pou ouvri l. Ou dwe fè yon depo omwen yon fwa nan lespas sis mwa pou w kenbe kont lan ouvri. NYC Kids RISE rekòmande w fè yon depo \$5 touswit apre w fin louvri kont lan.
POUKISA YO KA UTILIZE EKONOMI YO?	Depans ki Admisib yo gen ladan depans edikatif pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl (tankou ekolaj, liv, laptòp). Itilizasyon ki pa gen rapò ak edikasyon ka lakòz yo enpoze taks leta ak taks federal ak penalite. ²	Pa gen limit legal sou fason pou itilize lajan an, men li fèt pou l sèvi pou edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl. Pa gen penalite pou tiraj.
ÈSKE W KA RETIRE LAJAN NENPÒT LÈ?	Wi, men si lajan an pa sèvi pou Depans Admisib, yo ka aplike taks ak frè.	Wi, ou ka retire lajan an nenpòt lè san penalite.
FASON LAJAN OGMANTE	Lajan kapab ogmante apre yon tan grasa retou sou investisman, men gen yon risk ke li ka pèdi valè.	Lajan akimile yon ti kantite enterè apre yon tan, men pa gen chans ke l ap pi wo pase to enflasyon an.
AVANTAJ FISKAL	Lajan an ogmante e li pa sijè a taks epitou ou ka benefisye alèjman fiskal nan eta a. Kontribyab nan Eta New York yo kapab dedwi jiska \$5,000 (\$10,000 pou koup ki marye) chak ane. ²	Pa gen avantaj fiskal.
ENPAK SOU ASISTANS FINANSYE	Si revni w pi ba pase \$50,000, anjeneral ekonomi yo pa p afekte asistans finansye. Si revni w pi wo, yo kapab konsidere yon ti pati nan ekonomi yo nan pake asistans finansye fiti pitit ou a.	Si revni w pi ba pase \$50,000, anjeneral ekonomi yo pa p afekte asistans finansye. Si revni w pi wo, yo kapab konsidere yon ti pati nan ekonomi yo nan pake asistans finansye fiti pitit ou a.
ENPAK SOU AVANTAJ PIBLIK	Lajan ekonomi ka afekte elijibilite pou avantaj tankou SNAP oswa Medicaid. Ale sou nyckidsrise.org pou jwenn plis enfòmasyon.	Lajan ekonomi ka afekte elijibilite pou avantaj tankou SNAP oswa Medicaid. Ale sou nyckidsrise.org pou jwenn plis enfòmasyon.

KARAKTERISTIK	DETAY ENPÒTAN	
	Kont NY 529 <i>Direct Plan</i>	Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank
KI KOTE OU KA OUVRI L?	Sou entènèt	Sou entènèt oswa an pèsòn
KISA OU BEZWEN POU OUVRI YON KONT?	<ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) pwopriyetè kont lan ak pa timoun nan oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) <input type="checkbox"/> Adrès imèl <input type="checkbox"/> Adrès Ozetazini ki verifye <input type="checkbox"/> Dat nesans pwopriyetè kont la <input type="checkbox"/> Non ak dat nesans timoun nan 	<ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) pwopriyetè kont lan oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) <input type="checkbox"/> Pyès idantite avèk foto ki valid ke yon ajans gouvènman federal oswa eta emèt, oswa yon pyès idantite minisipal IDNYC. Si ou sèvi avèk yon kat IDNYC, yo pral mande ou prèv adrès anplis, tankou yon fakti kab oswa sèvis piblik. <input type="checkbox"/> Adrès <input type="checkbox"/> Dat nesans pwopriyetè kont la <input type="checkbox"/> Non ak dat nesans timoun nan

Ou bezwen plis èd?

NYC Kids RISE la pou l ede. Si w gen kesyon, ale sou nyckidsrise.org oswa rele nan [833-543-7473](tel:833-543-7473) pou aprann plis sou ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl.

NOTE: Sa yo pa sèl fason pou ekonomize pou inivèsite. Sepandan, karakteristik ak avantaj espesifik Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a bay disponib sèlman pou de (2) opsyon sa yo. NYC Kids RISE pa bay konsèy sou investisman ni rekòmande okenn tip kont depay pou inivèsite an patikilye. Sikonstans finansye chak fanmi yo diferan, epi w dwe konsidere pwòp sikonstans pa w avan ou ekonomize oswa investi. Ou gen dwa anvè gade lòt altènativ, tankou plan 529 lòt eta ofri yo ak kont epay lòt bank ofri, pou wè si yo gen dwa pi bon pou ou ak fanmi ou.

¹ Limit kouvèti asirans depo estanda a se \$250,000 pou chak depozitè, nan chak bank ke Sosyete Federal pou Asirans Depo a (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) asire, pou chak kategori pwopriyete. Depo ki nan diferan kategori pwopriyete yo asire separeman, jiska omwen \$250,000, menm si se nan menm bank lan yo ye.

² Revni sou retrè ki pa kalifye yo gen dwa sibi taks sou revni federal ak yon penalite fiskal federal 10%, avèk tou taks sou revni eta ak lokal yo. Dediksyon taks Eta New York ka sijè a rekiperasyon nan sèten sikonstans adisyonèl tankou transfè nan yon lòt plan 529 eta, oswa retrè yo itilize pou peye ekolaj lekòl elemantè oswa segondè, jan sa dekri nan Ti Liv Divilgasyon ak Akò sou Kont Epay pou Ekolaj la (Disclosure Booklet and Tuition Savings Agreement). Avantaj fiskal leta pou kontribiyab New York ki pa rezidan yo gen dwa varye. Taks ak lòt avantaj yo depannde si yo satisfè lòt kondisyon. Tanpri pale avèk yon konseye nan zafè taks sou sityasyon espesifik pa w la.